Ассаламу гIалайкум!

# ЛЪАРАТIА



ГАЗЕТА «ТЛЯРАТА» ЛъаратIа районалъул газета

№ 12 * ноябрь * 2021 с. Газета биччала моцIида жаниб цо нухалъ. Багьа 10 гъ.

*Редакторасул калам*

## Анкьракьалъул сиял

**Аралдаса цIа босизе ккола, рахъу жибго тун**

*(Жан Жорес - французиялъул тарихчи)*

Нилъер районалда бищун кIудияб культурияб ва тарихияб бечелъилъун рикIкIине бегьула бакIбакIалда ругел ганчIил сиял. Гьезул цоял цIакъго хашаб, къачIазе ккараб хIалалда руго, цогидал гIасрабаздаса хадур жеги лъикIалан цIунун хутIун руго. Гьезде тIоцебе кIвар буссинабун букIана щуго - анлъго соналъ цебе доб мехалъ вукIарав республикаялъул бетIер, нилъер ракьцояв Рамазан ГIабдулатIиповас. Мисалалъе жиндирго росулъ бугеб хъалаги бачун букIана. Хадур рачIун рукIана "Я помощник президента" абураб къокъаялъул гIолохъаби. ДандчIвана районалъул нухмалъулелгун, бицана гьеб иш жидеца тIаде босулеб бугин. Амма гьелдалъун иш лъугIана. ЦIакъго гIемер рукIуна республикаялъул бетIерас щибалиго абурабго гьесул цIарги хIалтIизабун жидеего санагIалъи гьабулел, жил хIалтIиги гьабун, гьабизе кколелъул планги гIуцIун, харж гьабизе кколеб гIарацги рикIкIун республикаялъул тIалъиялда цебе лъезе ккола гьеб масъала.

КIиабизе, лъикI букIинаан гьеб ишалда тIад хIалтIулеб хасаб комиссия бугони нилъер районалъул тарихчагIаздаса ва цоги интеллигенциялъул вакилзабаздаса гIуцIараб. БакIазда ругел тарихалъул мугIалимзаби, тарих лъалел харабиги ракIарун, тарихиял документазул халги гьабун щибаб тарихияб памятникалъул хIакъалъулъ баян лъазабизе ккола. Амма... Амма гьеб иш буго гIезегIан кIудияб тарихияб бичIчIиги бугеб, аралъулги букIиниселъулги хIисаб гьабулеб жамагIаталъ гьабулеб иш. Нилъер гьеб букIарабани гьанжелъагIан щущалел хъулбиги, бащдалдаса бащдабги жеги лъазабичIеб тарихги букIинароан. Нилъеда гьал ахирал соназда гурони лъан гьечIо нилъер районалдаса Шамил имамасул наиб вукIин. Гьединлъидал, дида ракIалда буго гьеб суалалда тIад кIваркьун хIалтIизе.



досул тIадкъаял тIуралел чагIи ругилан ахIи-хIур гьабулел, жидее гьеб ишалдаса пайда гьечIониги, реццбакъалъе гIологIаги иш гьабизе кколилан лъугьарал чагIи. ТIадехун рехсарал гIолилалги гьеб тайпаялдаса ратизе ккола, бокьилаан дун мекъи ватизе. Гурони, бичIчIуларо щиб гьабизе гьезда ракIалда букIараб ва щай гьеб хIалтIи гьоркьоб къотIун букIарабали.

Кинаб хIалтIи гьеб букIине кколеб?

ТIоцебесеб иргаялда жалго сиял къачIазе ккола, гьел щущаларедухъ гьаризе ккола. Гьелдаго цадахъ лъазабизе ккола чан хъала бугеб, кил гьел ругел ва щибалъул паспорт гIуцIизе ккола. Гьелъул магIна ккола щибаб хъаладул цIар, гьелъул тарих (бараб ялъуни цIигьабураб, биххараб, къачIараб заман), бугеб бакI, гьабсагIаталда бугеб хIал ва кинаб хIалтIи гьениб гьабизе кколеб абурал баянал рукIине ккола щибалъул хIакъалъулъ. Гьеб кинабго хъул буго нилъер тарихалъул кIвар бугев щивас гьеб ишалъе квербакъиине. "Анкьракьалъул сиял" абураб хасаб тарихиябгун жамгIияб проект рагьулеб буго "ЛъаратIа" газеталъул редакциялъ. Нижеца газеталда кьезе руго щибалда хурхун баяналги, сураталги.

**ХIАСИЛ КАЛАМ**, цIалдолезухъе кьезе буго щибаб моцIалъ цIияб хъаладул хIакъалъулъ баянал. Хадубккун гьединаб тIехь къватIибе биччазеги ракIалда буго. ТIадехун эпиграфалде росарал французиялъул тарихчиясул рагIаби цIакъго дандде кколел руго нилъер районалъул лъазабичIого хутIараб тарихалде. Добаса-гьаниса хьирщараб рахъу гурони, унго-унгояб цIадулал соназул тарих жеги тIубанго рагьун гьечIо нилъеца. Гьеб ишалъе гIоло лъолел галаби гьал ратиялда ракIчIунги буго.

**Расул АБАКАРОВ.**

*Уставалда хиса–басиял гьаричIо*



## ЛъаратIа райсобраниялъул данделъи тIобитIана



**Ноябралъул 18 къоялъ ЛъаратIа администрациялда тIобитIана анкьабилеб созывалъул депутатазул данделъи. Гьенир гIахьаллъана райсобраниялъул председатель Рамазан ГIалиев, районалъул прокурор ГIумарасхIаб Рамазанов, районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель ГIабдула ГIабдулаев, цо-цо росабазул бегавулзаби ва идарабазул бутIрул.**

Данделъи рагьана райсобраниялъул председатель Рамазан ГIалиевас. Гьенир гьоркьор лъуна районалъул уставалда хиса–басиял гьари ва райсобраниялъул депутатазул регламент тасдикъ гьаби абураб кIиго суал.

Рамазан ГIалиевас цебе лъуна регламенталъул цIияб проект, депутатазул хIукмуялда рекъон тасдикъ гьабизе. Райсобраниялъул депутатаз гьеб къабул гьабуна.

Рамазан ГIалиевасул пикруялда рекъон, ЦIияб депутатазул гIуцIиялъ хIалтIи гьабизе кколила законалда рекъон, хасал жавабиял чагIиги рихьизарун. Гьеб хIалтIи щвалде щун тIубазабизе кколила тIоцебе.

«Нилъеца щиб хIукму гьабуниги, щиб хIалтIи байбихьаниги, гьелъул жавабияб хасаб комиссия гIуцIизе ккола. Депутатал руго жамагIаталъ божилъиги гьабун, хIукуматалъ ихтиярлги кьун хIалтIизе риччарал чагIи. Гьанжеялдаса нахъе букIине ккола кинабго законалда рекъон, щибаб рахъалъул хIалтIуе бихьизабизе буго жаваб кьолеб комисия. Гьеб хIалтIуе гьанжеялдаса нахъе нилъеца кIудияб кIвар кьезе буго» - ян абуна Рамазан Г!алиевас.

Уставалда хиса–басиял гьариялъул суал депутатаз гьоркьоб лъезе биччачIо. Данделъиялда гIахьаллъарал депутатазул гIемерисез кверал рорхана гьеб суал хадусеб сессиялде нахъе бахъизе. Гьезул пикруялда рекъон, уставалда хурхараб суалалъе дагъабги цIикIун заман къварегIунила уставалъул хал – шал гьабизе. Гьелда бан уставалда хурхараб суал нахъе бахъана.

Гьединго батIи – батIиял суалал рорхана депутатаз сессиялда. Гьел киналго суалазе жавабиял хIакимзабаз цо – цояз гьенирго жавабал кьуна, цогидал суалазда рекъон хасаб хIукму гьабуна.

*нилъер росабазул тарих*

## Кьаналал

**ЛъаратIа районалъул некIсиял росабазе гьорлъе унел Колоб, Кьанада, Гьагьар, Цимгьуда, Огьохъ (ахирисеб лъабго росо гIодоблъиялде гочана) росабалъ гIумро-яшав гьабун ругел гIадамазда, кьаналалин абула. Гьел росаби руго Богоссалъул мугIрузул тIелалъул гьулдузда, Авар гIурулъе чвахулеб Жумрут гIурул рагIаллъабазда.**



Кьанада мухъ. Колоб росу.

*Ахир 2 аб. гьум.*

*нилъер росабазул тарих*

# Кьаналал


Кьанада мухъ. Цимгъуда росу.

*Байбихьи 1 гьурм .*

Кьаналазул буго, магIарул мацIалъул хасаб свери (диалект). Гьеб релълъараб буго, ЧIарада районалъул Кьесер мухъалъул росабазул мацIалда. Анкьумумузул заманалдаса нахъего, ЦIоралде хьвадулел рукIиналъги ва гьезулгун дармилалги магIишатиялги гьоркьорлъаби щулалъиялъги, кьаналазул мацIалъул гIемерисел рагIаби хIалтIизарулел руго ЦIоралъул магIарулазул мацIалдаги.

Гьединго ЛъаратIа районалъул бакъбаккул рахъалда гIорхъода бугеб Рутул районалъул КIусур росулъги буго, нижералда релълъараб мацI. Гьел хIужабаз нугIлъи гьабула, цо къадаралъ ЛъаратIа районалъул гIадамал ГуржицIоралдаса рачIарал рукIин.

Кьаналал руго Дагъистаналъул мугIрузда яшав гьабулел рукIарал, цIакъ цересел къавмазул гIадамал. АнцIила ичIабилеб гIасруялдаги гьезул росабалъ цIунун хутIун рукIана минаби раялъул, ретIелхьиталъул, магIишат гьабиялъул церегосел къагIидаби, цогидал росабазда данде ккун ругел хаслъабиги. Гьезул аслияб иш-пишалъун кколаан боцIухъанлъи, гIезарулаан чуял, чIегIербоцIи, гIи-цIани ва.гь.ц. БоцIухъанлъи букIана гочинабулеб, хасго мадугьалихъ бугеб ЦIоралъул ракьалде. ГIураб куцалда цебетIун букIана устарлъиги: хIадур гьарулаан гIи-боцIул нигIматал, цIулал алатал, букъулаан ретIел. ТIоцере гьабал районалда жанир, кьаналазул росабалъ рукIана. БатIи-батIиял хьвай-хьвагIаязда, биценазда, абиязда рехсон буго, кьаналазул бихьинал ругила гьайбатал, рорхатал кIигъуждулъа гIебал.

Кьондол росабалъа гIадамаз жигараб гIахьаллъи гьабуна Шамил Имамасул рахъалда Кавказалъул рагъулъги, хасго Закатала, Белокан мухъалда. Гьезул аслияб масъала букIана Гуржи-цIоралдасан гIурусазул Апшеронский полкалъул солдатал Дагъистаналъул ракьалде риччангутIи. Ай Шамил Имамасул мугъа-рахъ цIунун рукIана. Бодул цевехъанги вукIана Колоса ГIолав абурав чи. Дагъистаналъул бакъбаккул гIорхъи гьез ясбер гIадин цIунун букIана, мугIрузул нухалги, нохъохъитIалги, гьоркьчIел гьабизе бакIалги лъикIго лъалел рукIиналда бан. Жакъа кьаналазул чIахIиял росаби гIун руго гIодоблъиялда, Бабаюрт ва Гьизляр районазда.

ГIодоблъиялда аразги рехунтун гьечIо жодорго росабазул, мугIрузул тIогьол байдаби, гьезулгун буго щулияб бухьен. Риидал гьенир хьихьула гIи-цIани, бахъула хIан, бичула гьан районалъул жамагIаталъе.

Кьаналазул росабалъа руго гIемерал машгьурал спортсменалги, хIакимзабиги ва цоги цIар арал чагIиги, цIар рехсон абичIониги.

Баракатаб, талихIаб батайги районалъул жамагIатазул гIун бачIунеб наслуги. Жумрут гIор билун гьечIо, кIудияб Каспий ралъдалъ.

**Сайпудин Шейхов,**
**Колоб росу**

*Литературияб бокIон*

## *Мун хваразулъ гьечIо, мун чIаго вуго…*

**Халкъалда гьоркьосеб налъи тIубазе Советияб армия Афганисталдаса аралдаса къоло щуго сон тIубаялде.**
**Интернационалияб налъи тIубузабизе Афганистаналде арав ва «БагIараб цIва» орденалъе мустахIикълъарав, Гьиндиб росулъа МУХIАМАДГIАЛИЕВ МухIамадгIалиде.**

Цо ихдалил къоялъ Гьиндиб росулъа,
Сапаралъ вахъана мугIрул гIолилав.
ГIагарлъиялъ, росдад нухдаги регIун,
Армиялде налъи тIубазабизе.
АнцI-анцI миллаталъул васалгун цадахъ,
Щвана Кабулалде Афганазухъе.
Гьелъул гьава-бакъги ва тIабигIатги,
РекIее бокьана магIаруласе.
Рорхатал мугIрузда ругьунав гьесий,
Афганазул доба бигьа букIана.
Лебалав, тирияв бугьундил васас,
Саперасул хьулухъ тIаса бищана.
Тушманас рахчарал минал хвезарун,
Гьес нух бахъулаан рагъухъабазе.
Гьедин ракI бацIадаб хъулухъги гьабун,
ЛъагIел ун букIана МухIамадгIалил.
Часталъул рахъалъан баркалаялъул,
Кагътал рачIунаан эбел-инсухъе.
ТIабигIат берцинаб, тIегь-хер бижараб,
Бакъалъ щобал, хьитIал къалъизарураб.
Цо рагъулаб тIадкъай тIубалеб къоялъ,
Тушманасул мина кьвагьараб мехалъ,
Гьев хвелгун къеркьолеб доб лахIзаталда,
Берзул канлъи ссунеб заманаялда,
Рорхатал мугIрузгун, гьваридал кIкIалаз,
Гьабунин пашманлъи мун камиялъе.
МагIарулав хванин хабар рагIидал,
МагIу тIун гIодана гIурус васалги.
Гьев гьоркьоса ками захIмат букIана,
Часталъул тIолалго рагъухъабазе.
Гьезий гьев вукIана гьалмагълъун вацлъун,
Рагъул майданалда дарслъун, мисаллъун.
Чан хивал букIараб, анищ букIараб,
ЧIвана гIолохъанго, гIасияб рагъда.
Васасул жаназа росулъе щвейгун,
БахIарчилъиялда кIалъана эмен.
ГIолев вугин жиндир жеги кIиго вас,
ВатIаналъе гIоло, халкъалъе гIоло.
Сабурай эбелалъ гьениб абуна
Нусазар баркала дир рахъалъ гьесий,
 Гьев цохIо дир гуро партиялъ, халкъалъ,
 Малъанин, куцанин, гIезе гьавунин.
Дирго чохьол лъимер хабалъ лъуниги,
«БагIараб цIва» буго цIунила васлъун.
Совет армиялда цадахъ букIараб,
Гьудул-гьалмагълъиги щвана Гьиндире.
Гьез рекIелъ чIухIигун ва хIасраталда,
ГIагарлъуй бицана дур бахIарчилъи.
ГIадан хвани нахъе тола кIиги жо,
Турун хвезе боцIи ва холареб цIар.
Дуца нахъе течIо хвезелъун боцIи,
Тана хвелго гьечIеб дур даимаб цIар.
БахIарзазул цIарал цIалулеб мехалъ,
Дургоги бицина магIарулаца.
КIвариччIо мугIрул цIум,
лъунин мун кьаникь,
Кьиямасеб къоялъ дандилъилин нилъ.
Эбелаб ВатIангун вацлъиялъулал,
Улкабиги цIунун кьаникье арал,
Гьел хваразулъ гьечIо, гьел чIаго руго,
Кидаго халкъалъул рекIелъ рукIина.

**Насрулагь-хIажи МУХIАМАДОВ,**
**Хадиял росу**

ЦЕРЕХЪАБАЗУЛ КУЧIДУЛ

## *ХарачIиса Рекъав Ражбадин*

ГодикIанир рукIун, ЦIоралъул бицун,
ЦIороре щвечIого, давлаги бикьун,
ЧIалгIун руго дида гьал гIолохъаби,
Рихун руго дида росдал бахIарзал!
КIалцIуца цулъарал багIарал чуял,
ЦIоралде балагьун, хIихIилел руго.
Азнавурзабада ругьунал хулчби,
Лъалинирго хутIун, пашманго руго.
Рахъа, гIолохъаби, доре Гьолоде,
ХьахIилаб Алазан багIар гьабизе.
КьачIай, гьудулзаби, Нахъа ЦIоралде,
Капураб Гуржистан бида белъине,
ЦIоралъул мусудул гIарцухъ хисизе!
Хьван кагьат анила доб НахъбакIалде,
Рузманалда нахъа рахъайин абун.
Чи витIун анила гьове Хьиндаде,



ЦIараб болжалалде камугейинан.
Жал лъикIал бахIарзал дол нахъбакIаца,
Хьат кьабун, кьолона бидаял чуял.
РекIелъ чаран бугел гьол хьиндалаца,
Чергесаб логода ярагъ борчана.
Мажгиталда цебе къотIиги гьабун,
Къебелъухъе лъугьун, гуллабиги тIун,
ТIад салават хъвараб мисриги борчун,
Роц хьахIилаб хьирим хъатикьеги кьан,
Я капурлъи гъурун, я гьаза тIубан,
Цояб гьабичIого вуссинарилан,
Ражбадин кьокьана Нахъа ЦIоралде.
Бисмиллагьи абун, чоде вахиндал,
ХIурулгIинзабаца хIотIочIел ккурав,
Салаватги битIун, чода цIал бадал,
Сверухъел росаби хадур рахъарав,
Кьеги дуе талихI, Рекъав багьадур!
Алазанги къотIун, Кьарбиги бахун,
Коралъул рагIалде жал щвараб мехалъ,
Цо гьари гьабуна Ражбадиница:
Аварагзабазул заманаялда
Зирарие гIадаб талихI кьейинан!
Беччун жа гьекъолел жал капурзаби,
Гуллий хьван ратаги, я Расулаллагь.
Болъонил гьан кунел хIамул гуржиял,
Хвалчай насиблъаги, кьудратав Аллагь!
Нижер квер щваралъуб магIу бахъана,
Нижер хIетI чIараралъуб цIа тIибитIана.
Квер-бер берцин бихьун, ясал рачана,
Кьер-мухъ бацIцIад бихьун, васал кккоккана.
Туплисалда нахъа хъузхъулги гъурун,
ЦIоралда цIар арай ээзул меседу,
ЦIор бакьулъе кIанцIун, эйги ячана.
Камилаб давлагун жал рачIинаго,
БагIараб гохIги тун, Ширакги къотIун,
Алазан рагIалде щолел рукIаго,
Аллагь, мун бухIаяб, нух ккун батана!
Нух ккунму ратана хIамул гуржиял,
Цере-цере руго азнавурзаби,
ГьерекIли ханасул байрахъ бихьула,
Байрахъ сверун руго тушгунмо мосок.
– Нижее нух биччай, хIамул гуржиял,
Ниж эбел-инсуе цо-цойин ругел.
Рила нуж цереса, азнавурзаби,
Рачарал лъудбузе ниж хириялин!
– Нуж эбел-инсуе цого ратани,
Хвалчаца кIикъотIун, кIи-кIи гьарила,
Рачарал лъудбузе хирияллъидал,
Лугби гьанир тела, бутIрул ритIила!
АхIдезе лъугьана мацI лъалев хъазахъ:
– Нуж, цодагьал чагIи, щиб бакIалдаса,
Кьокьадул цевехъан щиб мухъалдаса?
 – Ниж цодагьал чагIи хьиндгун нахъбакIал,
Кьокьадул цевехъан Рекъав Ражбадин.
– Ракьулъе лъугьине нуж гIункIкIал гурин,
Гьанже кир лъугьинел нуж, магIарулал?
Зодихъе роржине хIанчIалги гурин,

*Ахир 4 аб. гьум.*

*Дин ва гIумру*

# ХIежалде щиб босилеб, нахъе щиб бачIинеб?



**Абу Гьурайратидасан бицараб хIадисалда буго, аварагас абунила: «Къабуллъараб хIежалъухъ ажру – алжан буго», – абун.**

Имам Малик, Бухари, Муслим гIадал чIахIиял гIалимзабаз рехсараб хIадис буго гьеб. ХIеж ккола лъагIалида жаниб цо нухалъ, хасс гьабун чIезабураб заманалда, тIолабго дунялалъул даражаялда тIобитIулеб, бищун кIудияб лъугьабахъин. Гьелда жаниб буго инсаният цолъиялъул тIалабазе жавабал кьолел къагIидаби. Санайилго гьел гIумруялдеги рахъинарула.

Гьенире рачIуна дунялалъул киналго рахъазул, тIолалго улкабаздаса хIажизаби. Киналго ракIарула дунялалъул бакьулъе, ай КагIбаялда сверухъ. ХIежалде ине къватIиве вахъунаго хIажичияс цадахъ босизе кколеб бищун кIвар бугеб жо ккола – Аллагьасукьа хIинкъи, сабру, цогидаздаса тIаса лъугьине бажари ва рахIматалде бугеб хьул.



ЧIухIи, пахрулъи, сабру гьечIолъи, хехдари ва цогидал Аллагьас какарал хасияталдове унелъул гIорхъода тезе лъикIаб букIина.

ХIеж тIубан тIадвуссунаго гIорхъоде щведал, гьенир тун рукIарал дол хасиятал нахъе росиладаян нусцIул ургъани лъикIаб буго. Гьел, абадиялъго гьенир тани, лъикI букIинародай?

Хирияб ракьалде щведал чанги чияс пикру гьабула гьаниса рокъобе щибдай босилаян. Аварагасул росулел жал рикьизе бегьула кIийиде: берда бихьулеб, ай кквезе щолебги рухIиябги. ТIоцебе рехсараб рухIиябин абуралда бащалъуларо, кинниги гьеб гIемеразда бичIчIуларо. ТIоцебеселда гьорлъа босизе бищун лъикIаб букIина Замзамалъул баракатаб лъим. Гьединго, Мадинаялде щведал аварагасул чамасдак – ГIажва босизеги кIочене бегьиларо.

Баракаталъе букIине, хIеж гьабулелъул тIад букIараб ихIрамги сивакалги росани квеш ккеларо. ХутIарабщинаб, ай сайгъаталъе кьезесеб рокъоре щун хадуб, гьанисаго босизе таниги бегьулеб жо буго. РухIияб тайпаялда гьорлъа бокьараб, хIежалда чIобого кьолеблъун букIуна ва кигIан кIваниги босизе рес щола. Нур бараб Мадинаялда ва хирияб Маккаялда керен цIезабизе бегьула ва рокьул Аллагьасдехун ва гьесул аварагасдехун; асхIабзабаздехун табигIиназдехун; аварагасул ирсилал – хIакъикъиял устарзабаздехун, гIалимзабаздехун ва тIолабго умматалдехун.

ХIаракат бахъизе ккола гьениса кIванагIан цIикIкIун босизе ихлас, ракIбацIцIалъи, гIибадаталъулъ щулалъи, хIарамалдаса рикIкIад чIезе къуват, диналъулъ къуркьи гьечIолъи... Гьел киналго, багьа гьабун хIалкIоларел нигIматазухъ багьалъун кьезе бегьула мунагьаздаса ракIбакъван гьабураб бацIцIадаб тавбу, Аллагьасдаса хIинкъун тIураб магIу.

Бичасул Аварагасухъ гьоболлъухъ ва КагIбаялъул гьайбатлъиялъухъ ралагьун ругеб мех, гьелда сверухъ тIавап гьабулеб заман, гьеб кIиялъего цIакъ мустахIикъаб гIуж буго.



ГурхIулев БетIергьан Аллагьас хIеж гьабизе гIищкъу бугевщинасе гьелъие рес кьеги. Киналго хIажизабазул хIежги къабул гьабеги. Амин.

**ХIабиб ХIАЖИГIАЛИЕВ.**
*(Ассалам газеталдаса босараб)*

# Бусурбабаз цоцазул цIунизе кколел адабал

**ТIадегIанав Аллагьас жиндирго цIобалдалъун киналниги бусурбаби вацаллъун, бищун хирияв МухIаммад аварагасул (с.т.гl.в) умматалдасан гьаруна. Хирияб Къуръаналда Аллагьас абулеб бугеб (магIна): «ХIакълъунго, киналниги муъминзаби вацал руго» – ян.**

Имам Муслимица бицараб хIадисалдаги буго: **«Киналниги бусурбаби вацал руго, гьез цоцазда тIад зулму гьабуларо, кумек гьабичIого тун, гьел захIматаб хIалалде ккезеги толаро»,** – ян. Диналда жаниб бугеб вацлъи, гIагарлъиялда жаниб бугеб вацлъиялдаса чанго нухалъ къуватабги щулиябги буго. Щайгурелъул, бидулъ бугеб вацлъиялъ гьаб гIодобегIанаб дунялалда къокълъи гьабула, амма диналъул вацлъи абуни, гьаб дунялалда гуребги, даимаб ахираталдаги букIуна.



Бидулъ бугеб вацлъи нилъее эбел-инсудалъун щола, диналъул вацлъи ТIадегIанав Аллагьасдалъунги гьесул хирияв аварагасдалъунги щола. Гьелъие гIоло буго свалат-салам лъеяв аварагас хIадисалда абураб: **«Дун нужее – лъималазе эмен гIадин вуго»**, – ян. Эбел-инсуе кидаго бокьула жидерго лъималазда гьоркьоб рокьиги, хурхенги букIине, хирияв аварагасе жеги цIикIкIун бокьула бусурбаби цолъизе, цоцазда гурхIулел, адаб цIунулеллъун рукIине.

Бухарияс бицараб хIадисалда буго: **«Цоцаздехун бугеб рокьиялъулъги, гурхIелалъулъги бусурбаби, цо черхалда релълъун руго, гьеб черхалдаса цо лага унтараб мехалъ, хутIарал лугбузеги рахIат хвей, ва макьу щунгутIи букIунеб».** Гьаб хIадисалъ бусурбаби ахIулел руго диналъул вацазде бачIараб ургъел-кварилъи бикьиялде, кумек хIажатаб мехалъ мугъ рехун чIунгутIиялде. Гьадинаб ургъел цоцазул гьабичIебгIан мехалъ, бусурбабазул камилаб иман букIунаро.

Хирияв аварагас абулеб буго: **«Бусурбабазул захIмалъи-кварилъиялъул хал гьабуларев чи, гьев нилъедасан гьечIо»**, – ян. Аллагь разилъаяв Анасица бицараб хIадисалда буго: «Нужер цонигиясул камилаб иман букIунаро, нужеего бокьулеб жо диналъул вацасе бокьизегIан», – абун. Абу Муса АшгIарияс бицараб хIадисалда буго: «Муъминчи муъминчиясе бараб къед гIадин вуго, цо гамачIалъ цогидаб щула гьабулеб». ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазул бицунеб бакIалда абулеб буго: **«Гьел руго цоцаздехун гурхIел цIикIкIарал»**, – абун. Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица гьаб аяталъул тафсир гьабун абулеб буго: «Гьеб буго МухIаммад аварагасул умматалъул гIаламат, гьезда жидедасаго лъикIав, иман цIикIкIарав вихьараб мехалъ, гьез дугIа гьабун абула: «Я Рабби! Дуца гьесие кьураб жоялда баракатги лъезабе, гьев гьелда щулаги гьаве, гьесул баракаталдаса нижги махIрум гьаруге», – ян. Гьезул тIадегIанасда загIипав, мунагьал гIемерав вихьараб мехалъ, гьесги дугIа гьабун абула: «Я Аллагь! Дуца гьев тавбуялдеги ваче, гьесул мунагьалги чуре», – ян. Амма жакъасеб къоялъ нилъеда бихьулеб буго гьаб рехсараб гIаламаталдаса бусурбаби цIакъго рикIкIад рукIин, къуватас загIипасда зулму гьабула, загIипав сабру гьабичIого гъибат-бугьтаналда вукIуна.

Абу- Гьурайратица бицараб хIадисалда хирияв аварагас абулеб буго: **«Бусурбанчияс диналъул вацасул цIунизе кколеб щуго хIакъ буго: гьесул саламалъе жаваб гьаби; унтарав мехалъ гьесухъе зиярат гьаби; гьесул ахIиялъе жаваб гьаби; хвел-хобалъулъ гIахьаллъи; гьев чинхъарав мехалъ «ЯрхIамукаллагь» абун дугIа гьаби»**, – ян. Жинда Аллагь разилъаяв табигIуназул цояв, ибну ГIаббасил Муджидица абуна: «ТIадегIанав Аллагьас жужахIалъул агьлуялде тIаде биччала кутакалда букаризе гьабулеб унти, гьез хъасиялъул кутакалъ лугбузда тIасан гьан лъугIун, ракьалде баккулеб. Гьеб мехалъ гьезда рагIула Аллагьасул рахъалдасан ахIулеб гьаракь: «Гьаб гIазаб нужее кутакаб гьечIищ?» – абун. Гьез жаваб гьабула: «Буго, нижер БетIергьан», – ан. Цинги гьезда абула: «Гьеб буго Аллагьас нужеца, дунялалда ругелгIан мехалъ бусурбабазе гьабураб заралалъухъ нужеде тIаде биччараб гIазаб», – ан.

Щивав бусурманчиясда тIадаб буго кIудиясул адаб цIунизе, гьитIинасда гурхIизе. Свалат- салам лъеяв аварагас абулеб буго: **«КIудиязул адабги гьитIиназул хIурматги гьабуларев нилъедаса гьечIо»**, – ян. Бусурбанчияс бицунеб каламалъулъги гьабулеб гIамалалъулъги, кидаго бихьизабизе ккола хIеренлъи ва тамахлъи.

Хирияв аварагас абулеб буго: **«ТIадегIанав Аллагьасе вокьула хIалимав, тамахав инсан»**, – ан. Жинда Аллагь разилъаяв МугIазида аварагас васият гьабун абуна: **«Дица дуе васият гьабула, кидаго Аллагьасдаса хIинкъа, киданиги гьереси бицунге, гIадамазе хиянат-рекIкI гьабиялдаса цIуне, мадугьалзабазе кумек гьабе, ятим-мискинасда гурхIа, бицунеб каламалъулъ хIеренав, тамахавлъун вукIа, гIадамазулгун гьоркьоблъи гьабе ва чIухIиялдаса рикIкIалъе»**, – ян. Бусурбанчияс кидаго хIаракат бахъизе ккола, гьоркьоб тушманлъи, ракI-бакъвай бугел диналъул вацал данде гьаризе.

Свалат-салам лъеяв аварагас хирияб хIадисалда абулеб буго: «Дица нужеда бицинищ как баялдасаги, кIал ккеялдасаги, садакъа кьеялдасаги Аллагьасда цебе тIадегIанаб гIамал», – ан. АсхIабзабаз бицеян абидал, абуна: «Гьоркьоб хирияв аварагас тушманлъи, ракIбакъвай бугел диналъул вацал данде гьари буго», – ян. Бусурбазул хIукъукъаздасан ккола балагькъварилъиялде ккарал диналъул вацазе кумек гьаби. Аварагас абулеб буго: **«Щив чи вугониги жинца дунялалда захIмалъиялде ккарав бусурбанчиясе кумек гьабун, гьесда тIаса ургъел босун, ТIадегIанав Аллагьас гьесда тIаса къиямасеб къоялъул ургъел- захIмалъи нахъе босула»**, – ян. Цогидаб хIадисалда буго: **«Щив чи вугониги диналъул вацасе кумек гьабулаго балагьалъукье ккун, къиямасеб къоялъ гьесие гьеб жужахIалъул цIаялдаса пардавлъун букIуна»**, – ян.

Гьединго бусурбабазул хIукъукъаздасан ккола чи хвараб бакIалде зигараялъ ине, гьезул хабалалъе зияраталъ хьвадизе ва гьев хварасдехун пикру берцин гьабизе, загьиралда мунагьал гIемерав вукIун ватаниги. Щайгурелъул, гIицIго ТIадегIанав Аллагьасда гурони лъаларелъул гьесул ахир кинаб букIарабали.

Ибну ГIаббасидасан бицараб хIадисалда буго: **«Цониги бусурбанчи гьечIо жидеде Аллагьасул къадар щун, цинги гьесул жаназаялда тIад кIикъого чияс как бан, Аллагьас гьесие гьезул шафагIат щвезабун гурого»**, – ян. Бусурбанчи кидаго вукIине ккола диналъул вацазул гIайибал рахчулевлъун. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Жидеца бусурбабазул гIайибал къватIире чIвазарулел гIадамазе дунялалдаги ахираталдаги кутакаб гIазаб буго»**, – ян. Абу-Гьурайратица бицараб хIадисалда буго: **«Кинав вугониги лагъ жинца дунялалда вугебгIан мехалъ бусурбабазул гIайибал къиямасеб къоялъ Аллагьас рахчун, гьесул гIайибал рахчула»**, – ян.

Аллагьас бусурбабазе тавпикъ кьеги гьитIиназе эменлъун, чIахIиязе лъималлъун, гIел бащадазе вацаллъун рукIине.

*(Ассалам газеталдаса босараб)*

*Байбихьи 2-аб. гьум .*

Гьанже кив воржинев, бодул цевехъан?
– Ракьулъе лъугьине гIункIкIал гурелдай
Кьабун чучуларел чаран хвалчаби?
Зодихъе роржине хIанчIал гурелдай,
РечIчIун гIуж толарел дурусал хъирмал?
Дагьав цевегIан кьай, чIваяв ГьерекIли,
ЧIалгIаде гуллил хIал лъазе бокьани.
Чанги къо хIехьараб Рамжабдиница,
Жакъаги хIехьелеб, бичас биччани.
Гьари гьабуниги нилъ риччаларо,
ТIагъзал рахьаниги, тIоритIиларо,
Жакъайинмо лъалев, лъияв бахIарчи,
Жакъа хварасулни цIар хвеларибин.
Гьа, гьа, гIолохъаби, жея, бахIарзал,
Хонжроца гIуру ссун, сангаралги къай,
Сангар гIечIелъубе хъвехъун чуял рай,
Вакъун, хIал бергьарас чол гьанги кванай,
Къечон, хIал бергьарас чол биги гьекъей,
Ругънал хIал бергьарав сонгроеги лъе,
Гьоркь буртаби тIаме, тIаде херги бай,
ГIемерги кьвагьуге, ишан ккун речIчIе,
Жакъа чучарасда чурун кIаз къаги,
Чучун кьабурасул йокьулей хваги.
Кьвагье, гIолохъаби, халатал хъирмал,
Хъирмазул кIалада кIкIуй бетизегIан.
 Кьабе, гьудулзаби, чаран хвалчаби,
 Хвалчаби кIирекун, гIоркь хутIизегIан!
 Кьвагь-кьвагьаралъул речIчIиги лъайдал,
 Кьабу-кьабуралъул кьаби бихьидал,
АхIдезе лъугьана хIама ГьерекIли:
– ВачIа ле, Ражбадин, рекъел гьабизин,
 ГIарац бокьанани, сахIица кьела,
 Месед бокьанани, хъатица кьела,
 Ясал рокьанани, мусудул кьела,
Васал рокьанани, нуцаби кьела.
– Дуца дие кьолеб гIарацгун месед
– Хвездал дие кьолеб пирдавус алжан.
Дуца дие кьолел ясалгун васал
– Хвездал дие кьолел хIурулгIинзаби!
Нужерги нижерги цоцазул рекъел
– Цоцада кьабулел халатал хулчби,
Умумулъ батараб цоцалъ гьуинлъи
– Цоцае хисулел тIухьидул гулби.
А мун, гьитIинав вац, дове Гьолоде,
Гьикъариян абе, саламан абе.
Сверун хъузхъуца ккун ниж танин бице,
Метер къадиялде тIаде щвайинан,
Къади нахъеялде камугейинан.
Гулла-хер тIагIанин, хулчби реканин,
ХIал гьабула бугин гьудулзабада.
ГьерекIли ханасул байрахъ бихьидал,
Куркьби данде къараб къвекIаб цIум гIадин,
Гьорлъе вилун ана КIатIихъа ШагIман.
ХIамул гуржиязул гури бихьидал,
ГIиял къаябаде бацIал гIадинан,
Гьорлъе рортун ана гьал гьолодисел!
Хасалихъе тIамах гьороца гIадин,
Хьамуна гуржилъи тIаса гIодобе.
БацIцIадабго гIарцул ГьерекIлил байрахъ
Чол малакь мерхьана магIарулаца!
МугIруда тIупулеб накIкIго жо гуро,
ЧIана кIкIуйдул пача тIад Ширакалда.
Ихдаде чваххулеб цIадго гьереси,
Ана бидул лъарал Алазаналде.
Туплисалде гIунтIун хвалченги кьабун,
ХьахIилаб Алазан багIарги гьабун,
ЦIоралъул мусудул гIарцухъги хисун,
Нахъруссун рачIана гьал гIолохъаби.
Гьединал гьареги эбелалъ васал!



# Почему важно иметь дома огнетушитель

**На самом деле, много пожаров в домах можно было избежать, будь в помещении огнетушитель. Согласно статистике, большинство пожаров происходят в жилом секторе. Многие из них можно было предотвратить или ликвидировать в начальной стадии при помощи первичных средств пожаротушения. Для борьбы с пожаром в начальной стадии существуют различные виды ручных огнетушителей, которые позволяют эффективно бороться с огнем. Это средство противопожарной защиты на сегодняшний день является одним из самых распространенных, его основная функция состоит в ликвидации первичных очагов возгорания. Огнетушители не только позволяют в течение кратчайшего времени потушить пожар, но и дают возможность предотвратить стремительное распространение пламени.**



Огнетушитель должен быть такого веса, чтобы члены семьи были способны им тушить. Выбор огнетушителя зависит от вида строения, тех веществ и материалов, которые там присутствуют. В пожарном деле применяются различные виды огнетушителей, в том числе:

**— воздушно-пенные** – для тушения горючих жидкостей (бензин, масло, лак, краска) и очагов пожаров твердых материалов на площади не более одного квадратного метра, за исключением установок, находящихся под напряжением;

**-порошковые** – для тушения загораний легковоспламеняющихся и горючих жидкостей, лаков, красок, пластмасс, электроустановок, находящихся под напряжением до 1000 вольт;

**-углекислотные** – для тушения различных веществ и материалов, электроустановок под напряжением, любых жидкостей. Они применяются эффективно при объемном тушении и когда для тушения пожара необходимы огнетушащие составы, не повреждающие защищаемое оборудование или объекты (музейные экспонаты, компьютерную технику, аппаратуру радиоэлектронную, архивы и т.д.). Углекислота, попадая на горящее вещество, охлаждает и производит его тушение. Она не оставляет следов, испаряясь.

Каждый человек должен знать, как устроен, как действует огнетушитель, и уметь обращаться с ним. Приведем правила его использования:

1. сорвите пломбу, выдерните чеку, направьте раструб на очаг возгорания и начните тушение;

2. огнетушитель следует держать вертикально;

3. огнетушитель должен храниться вдали от отопительных приборов и прямых солнечных лучей, при средней температуре, вне досягаемости детей.

В доме, офисе и автомобиле следует иметь огнетушители, которые смогут свести риск возникновения и распространения пожара к минимуму. Приобретая средство пожаротушения, внимательно ознакомьтесь с инструкцией по его применению, предварительно научитесь пользоваться этим устройством. Не используйте огнетушители с истекшим сроком годности!

**ОНД и ПР № 17
УНД и ПР
Главного управления МЧС
России по Республике Дагестан**

## Сравниваем варианты



| Воздушно-пенный | Углекислотный | Порошковый | Вид огнетушителя |
|---|---|---|---|
| 400-600 | 400-1200 | 400-600 | Высота устройства, мм |
| 3-4 | 0,4-2 | 3-4 | Дальность действия, м |
| 0,4-0,5 | 2-4 | 0,4-0,5 | Площадь тушения, $м^2$ |
| 850-1200 | 700-2500 | 350-650 | Примерные цены, руб |
| 250-350 | 350-400 | 250-350 | Стоимость перезарядки, руб |

# АхIулгохIил къисаби

ГIурусазул тарихчи, генерал Милютиница хъвалеб буго: «Солдатал АхIулгохIде рахиндал, руччаби-лъималаз гьезда кодобе босизе кIварабщинаб речIчIулеб букIана. Цо гIолохъанай гIадан, солдатас хочодаги къазаюн, йосана. Солдатасул гьурмаде тулаго, рухI босана гьелъул, Гьениса рикIкIада гьечIого, яхъун чIун йикIана цоги гIолохъанай чIужугIадан.

Гьалмагъалъул ккараб къисмат бихьидал гьелъ гурде тIаде борхана, гьелъул махIабазда гьоркьоб бахчун букIун буго гьитIинаб лъимер, гьелъ кодобеги босун, кьурса гIодобе, гIандигIурулъе рехун ана. ГьебсагIат, дагьаб добегIан рехараб ханжарги босун, гьей солдатазде тIаде кIанцIана. МагIарулалъ солдатазул кIигояв чIвана, лъабабилев лъукъана, ункъабилес гьейги чIвана», - ян.

* * *

АхIулгохIалъул цо нохъода букIана имамасул яргъил нахърателги дагьал лъукъарал муридзабиги. Кьурулъа эхеде магIалги кьабун, кварил молодасан нохъоде рахине къачIалел рукIана солдатал. Ярагъ кодоб ккезе кIолеб кIалалда йигей кIиго чIужугIадан, гьезде кьвагьдолей йикIана.

ГIисинлъималаз улбузе тункIал цIолел рукIана. Гьезда аскIой гIодое рехарай гIолохъанай чIужугIаданалъул бидул цIураб каранда хахулеб букIана анлъго моцIгIанасеб мех бараб лъимер. Кьурул рагIалде вакка-ваккарав чиясде ишан босулеб букIана дандбитIараб рахъалдаса тушманасул гIужихъабаз. КъваригIун вукIана кьурдаса гьоркье кIкIалахъе кIанцIун унаго, хвалчен кьабун, кваралги кьотIун, мали бортизабизе кIолев чи.

Гьеб иш жинца тIубалин абуна ГIайишат абулей цо магIарулалъ. Кьо-мех лъикIилан аскIов вукIарав, жеги балугъалъиялде вахинчIев жиндирго васасда убачги гьабун, борхун хвалченги ккун, кьурдаса кIанцIана гьей. Тушбабаз речIчIараб гуллаги щун, гьаваялдаго шагьидлъун, кIкIалахъе йортун ана магIарулай. Кварил молодасан ххарун, нохъодул кIалтIе щолел рукIана солдатал.

Имамас гьикъана, мали бортизабизе кIолев чи гьечIищилан. Кинало руцIухIун чIана. Цинги гьебсагIат шагьидлъарал ГIайишатил вас Шамил имамасда аскIове вачIана ва магIил бералги цIун абуна: «ХIурматияв имам, дихъе кье ханжар, дица хIалбихьила», - ян. ЗахIматго лъукъун, бида вецIцIулаго, гьенив вегун вукIарав цо херас абуна: Ма, дир вас, гьаб ханжар босе, тIокIалъ дие гьаб хIажалъиларин ккола», - ян.

Херасул ханжарги кодоб ккун, кIанцIун арав васасухъе молол гIучI кквезе щвана. ГьебсагIат васас хонжроца молол кварал къотI-къотIана. малиги тIун, гьев васги, молодасан ххарун рачIунел рукIарал солдаталги, кIкIалал тIинде рортун ана.

**«Имам Шамил» тIехьалдаса**

ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ
Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
*Время подписания в печать:*
*по графику: 19.00*
*фактически: 19.00.*
*25. 11. 2021* Заказ ________